



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$4.9 MILYON POU REPAIRE PWOPRIYETE ISTORIK YO GWO TANPÈT SANDY TE ANDOMAJE

Finansman disponib pou 13 konte ki te sibi domaj nan Sandy

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$4.9 milyon nan sibvansyon ki disponib pou bay èd ak reparasyon pou resous istorik ak akeyolojik yo ki te afekte pa gwo siklòn Sandy. Avèk lajan Sèvis National Park mete disponib pou yon dezyèm fwa, òganizasyon non pwofi, minisipalite, ak ajans yo nan eta ka aplike nan Biwo Park Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta pou yo resevwa èd.

“New York gen yon istwa rich, e gwo tanpèt Sandy te andomaje anpil sit ki enpòtan pou li, sa vin rann yo pi vilnerab pou pwochen lòt gwo tanpèt yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sibvansyon sa yo pral ede rebati sit enpòtan sila yo epi asire ke yo rete yon pati enpòtan nan eritaj New York, ak ekonomi touris, pou jenerasyon kap vini yo.”

Pwopriyete yo kalifye pou sibvansyon si yo:

- Lokalize nan Konte Suffolk, Nassau, Kings, Queens, Bronx, New York, Richmond, Westchester, Rockland, Putnam, Orange, Sullivan oswa Ulster counties; e
- yo te sibi domaj ki gen rapò a siklòn Sandy; e
- yo liste nan oswa elijib pou liste nan Rejis Nasyonal Plas Istorik yo, oswa yo fè pati nan yon distri istorik ki elijib oswa liste.

Delè limit pou aplikasyon yo se 4:00 p.m. nan dat 1^{ye} me. Travay yo dwe reponn avèk Nòm Tretman Pwopriyete Istorik Depatman Enteryè Etazini epi jwenn yon premye apwobasyon nan men Biwo Prezèvasyon Istorik Eta. Aktivite ki kalifye yo se:

- aktivite anvan devlopman, tankou Rapò sou Strikti Istorik, evalyasyon kondisyon, plan ak spesifikasyon ak lòt ankèt ak etid ki gen pou wè ak aktivite yo;
- stablizasyon akeyolojik;

- restorasyon, reyabilitasyon ak stabilizasyon konstriksyon; oubyen
- restorasyon, reyabilitasyon, pwoteksyon ak stabilizasyon yon peyizaj istorik sètifye.

“Pwopriyete nan konte ki liste oubyen ki kalifye pou ale sou lis National Register of Historic Places lan te pran frap siklòn lan,” te deklare Manm Komisyon, Office of Parks, Recreation and Historic Preservation lan, Rose Harvey. “Sou lidèchip Gouvènè a, nou kontan pou n ofri yon dezyèm wonn asistans a pwopriyete istorik yo ki te afekte pa tanpèt la.”

Kontrèman ak lòt sibvansyon konsèvasyon sit istorik eta a, yo pa mande demandè a okenn konpleman, menm lè yo ankouraje lajan konplemantè. Demann minimòm sibvansyon pou depans anvan devlopman se \$5,000 alòske demann minimòm sibvansyon pou depans kapital la se \$10,000. Montan sibvansyon maksimòm se \$1 milyon. Menmjan avèk lòt sibvansyon prezèvasyon sit istorik eta yo, pwogram nan se ranbousman sèlman e pwojè yo dwe fini e yo dwe peye depans ki fèt yo nan dat 31 desanm 2018. Depans retwo-aktif yo ki fèt soti nan dat 26 oktòb 2012 jiska 23 jiyè 2013 ka kalifye pou ranbousman a kondisyon ke yo te jwenn tout apwobasyon yo e travay yo te reponn a nòm Sèvis Prezèvasyon Park Nasyonal jan li apwouve pa Biwo Prezèvasyon Sit Istorik Eta.

Depite Charles B. Rangel te deklare, “Anpil vi te afekte pa gwo tanpèt Sandy toupatou nan zòn twa-eta yo, ansanm avèk kay, biznis, ak peyizaj ki defini kominote New York yo. Sibvansyon sila yo pral ede rebati ak prezève sit istorik yo tanpèt sa te devasté e li pral abilite kominote yo pou kontinye efò rekiperasyon yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te elaji sa kòlèg mwen yo nan delegasyon kongrè twa-eta te anmezi pou garanti ansanm pou elektè nou yo.”

Depite Eliot Engel te deklare, “Plis pase dezan te soti nan devastasyon inisyal gwo tanpèt Sandy, e toujou gen kèk kote ki toujou ap fè fas a konsekans terib sa. \$4.9 milyon finansman Sèvis Nasyonal Park Gouvènè Cuomo ap jere atravè Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la pral pèmèt nou ede nan reparasyon anpil pwopriyete istorik ak akeyolojik ki touche afekte nan gwo domaj la. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te fè restorasyon sit istorik enpòtan sa yo vin yon priyorite nan New York.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “Li enpòtan pou restore ak prezève trezò istorik yo nan anba Hudson Valley. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm lan, Mwen fyè dèske mwen te dirije lit pou garanti èd federal pou rekiperasyon apre Sandy, e mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a pou asire ke yo satisfè bezwen rezistans ak rekiperasyon New York.”

Depite José E. Serrano te deklare, “Sandy te gen yon efè deklen sou kèk nan sit istorik ki pi presye nan Vil New York. Lajan federal sa a pral pèmèt òganizasyon non pwofi yo, minisipalite, ak ajans eta yo pou kontinye bay asistans teknik ak konstriksyon pou sit sa yo ki te eksperimante anpil difikilte pou ranmase lajan ki nesèsè pou kouvri depans

reparasyon yo. Li pral ede tou zòn ki te frape pipilis yo solidifye estrikti sa yo kidonk yo ka pare pou reziste a pwochen kondisyon move tan. Sit istorik yo jwe yon wòl enpòtan nan kominote nou yo ansanm avèk kontribye nan ekonomi lokal nou an. Map rete tann pou m kolabore avèk Gouvènè a pou asire ke òganizasyon lokal yo pran opòtinite nan finansman enpòtan sa a e nap rete tann pou n wè tout amelyorasyon nan sit istorik yo ki pral posib grasa a li.”

Depite Jerrold Nadler te deklare, “Mwen kontan anpil dèske pwopriyete istorik New York yo pral gen opòtinite pou aplike pou lajan federal sa yo ki nesesè. Malerezman, gen anpil òganizasyon non pwofi ak enstitisyon kiltirèl ki toujou ap souffri nan konsekans gwo tanpèt Sandy. Fon sa yo ka fè yon gwo diferans nan ede òganizasyon sa yo rebati, repare ak restore pwopriyete enpòtan sa yo nan kominote nou yo.”

Depite Carolyn Maloney te deklare, “New York gen chans pou l kay anpil sit istorik ki gen enpòtans nasyonal. Malerezman, Sandy te andomaje anpil nan sit sila yo e yo bezwen reparasyon. Pwogram sibvansyon Gouvènè Cuomo te enpleman a ap ede pou asire ke sit istorik sa yo repare kidonk jenerasyon kap vini yo ka jwi yo. Mwen te fyè dèske m te sipòte finansman federal pou efò sa a.”

Depite Gregory W. Meeks te deklare, “Mwen sipòte antyèman epi remèsye Gouvènè Cuomo pou efò l pou restore ak rebati trezò istorik yo nan eta nou an. Gwo tanpèt Sandy te kite anpil nan bilding istorik nou yo andomaje. Sibvansyon sa yo pral kontribye a pi gwo investisman pou prezève eritaj rich gran vil ak eta nou an.”

Depite Joe Crowley te deklare, “Pandan nou kontinye ap ede fanmi ak pwopriyete biznis yo toupatou nan New York rekipere antyèman nan enpak devastatè Sandy, anpil nan sit yo se yon pati entegral nan eritaj vil nou an rete an move eta. Dezyèm seri soulajman federal la pral asire ke peyizaj istorik ak pwopriyete sa yo pral la pou jenerasyon kap vini yo e mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Biwo Prezèvasyon Istorik Eta New York paske li asire ke resous enpòtan sa yo rete la pou kominote nou yo.”

Depite Steve Israel te deklare, “Dezyèm wonn finansman sa a pral bay resous ki pi nesesè pou peyizaj istorik New York yo ki te andomaje pandan pasaj gwo tanpèt Sandy. Sit sila yo enpòtan pou kilti ak ekonomi lokal nou an. Mwen fyè dèske map travay avèk Gouvènè Cuomo pou asire ke sit istorik yo montre istwa rich eta nou an e pou yo prezève ak pwoteje pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Siklòn Sandy te frape anpil nan peyizaj nou yo - nou dwe kontinye travay jiskaske sit remakab nou yo restore antyèman ak prezève pou plizyè milyon rezidan ak touris ki vizite Hudson Valley.”

Depite Grace Meng te deklare, “Lè Sandy te ravaje rejyon nou an, anpil bilding istorik ak pwopriyete te pami enfrastrikti tanpèt la te andomaje. Li enpòtan ke non pwofi, ajans ak minisipalite yo gen resous ki nesesè pou repare sit sa yo epi pwoteje yo kont pwochen dezast, e fon sa yo pral fè yon wout long nan direksyon pou reyalize objektif sa.”

Depite Kathleen Rice te deklare, “Sandy andomaje non sèlman kay nou yo, biznis ak enfrastrikti enpòtan yo, men tou anpil pwopriyete ak peyizaj ki temwaye nan istwa ak karaktè kominote nou yo nan Long Island. Fon sa yo pral ede restore pwopriyete istorik yo ak pi byen prepare yo pou reziste a pwochen tanpèt yo ke nou konnen kap vini, e mwen ankouraje tout òganizasyon yo ki elijib nan distri nou an pou aplike.”

Depite Lee Zeldin te deklare, “Lè Gwo tanpèt Sandy frape li te kite kominote nou yo nan dezòd. Sibvansyon sa yo pral pèmèt òganizasyon non pwofi yo, enstitisyon relijye ak minisipalite lokal yo pou restore bilding istorik ak kominote nou yo, pèmèt yo retounen pi solid pase anvan tanpèt la.”

Antite relijye yo kalifye pou aplike pou alafwa pwojè planifikasyon ak konstriksyon. Pwopriyete relijye òganizasyon relijye yo posede ki pa liste aktyèlman sou Rejis Nasyonal la gen jiska dat 31 desanm 2018 pou yo liste. Fon sibvansyon ka peye pou preparasyon nominasyon rejis nasyonal nan kad yon pi gwo pwojè planifikasyon ak/oswa konstriksyon.

Direktiv pwogram 2 yèm wonn lan, aplikasyon pou sibvansyon ak enstriksyon yo, ansanm avèk dokiman yo ki gen rapò disponib nan nysparks.com/shpo. Pou asistans, kontakte: Merrill Hesch, (212) 866-2599 nan Merrill.Hesch@parks.ny.gov or Stacey Matson-Zuvic, (845) 786-2701, ekstansyon. 220 nan Stacey.Matson-Zuvic@parks.ny.gov.

Nan [premye wonn](#), sibvansyon yo, Eta New York te bay plis pase \$5 milyon a 14 pwopriyete ki istorik man enpòtan ki te sibi gwo domaj nan tanpèt Sandy.

Biwo Prezèvasyon Istorik Eta New York, ki fè pati Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, ap jere tout pwogram konsèvasyon onivo eta ak federal kap ede kominote, minisipalite ak moun idantifye, evalye, prezève, pwoteje ak revitalize resous istorik, akeyolojik ak kiltirèl yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418